**दिन–रविवार** **दिनांक–05.04.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार दस अप्रील के राज्यसभा सांसद के रूप मे शपथ लेताह। भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी आइ कहलनि जे मुख्यमंत्री के राज्यसभा के सदस्यक रूप मे शपथ लेलाक बाद राज्यक नव मुख्यमंत्री पदक लेल निर्णय कयल जायत। श्री सरावगी कहलनि जे भाजपाक केन्द्रीय नेतृत्व, एनडीए तथा मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सब मिलिकऽ नव सीएम के निर्णय करताह।

---

केन्द्र सरकार महिला आरक्षण के लागू करबाक लेल सोलह अप्रील सँ संसदक तीन दिवसीय विशेष सत्र बजौलक अछि। प्रधानमंत्री सभ राजनीतिक दल सँ अपील कयलनि अछि जे लोकसभा आ प्रदेशक विधानसभा सभ मे महिला लोकनि के तैंतीस प्रतिशत आरक्षण के प्रस्ताव के समर्थन करैथि। श्री मोदी कहलनि जे महिला के आरक्षणक मुद्दा लगभग चारि दशक सँ लंबित अछि आ एहि मे आओर बेसी देर नहि कयल जयबाक चाही। ओ कहलनि जे ई मामिला महिला लोकनि के सशक्तिकरणक अछि आ एहि लेल हरेक राजनीतिक विचारधारा के एकर समर्थन करबाक चाही।

---

कांग्रेस सांसद अखिलेश प्रसाद सिंह महिला आरक्षण कानून के लऽकऽ संसदक विशेष सत्र बजाओल जयबा पर कहलनि जे सरकार विधानसभा चुनाव मे अपन लाभ के लेल ई डेग उठा रहल अछि। श्री सिंह पटना मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप मे कहलनि जे ई बिल पहिनहि सर्वसम्मति सँ पास भऽ चुकल अछि।

---

दरभंगा एयरपोर्ट सँ बेंगलुरू के लेल सोझे हवाई सेवा आइ सँ शुरू भऽ गेल अछि। आब यात्री लोकनि के बेंगलुरू जयबाक लेल पटना अथवा कोलकाता नहि जाय पड़त। यात्री सोझे दरभंगा सँ उड़ान भरि सकताह। ई अवसर पर भाजपाक प्रदेशक अध्यक्ष संजय सरावगी आ सांसद गोपालजी ठाकुर सम्मिलित भेलाह। श्री सरावगी कहलनि जे ई पूरा मिथिलांचल

आ बिहारक लेल गौरवक बात अछि। ओ कहलनि जे एहि सँ बेंगलुरू मे पढ़ाई करऽवला छात्र आ ओतऽ के आईटी कंपनी मे काज करऽवला युवा लोकनि के एहि सँ आवागमन मे सुविधा होयत। श्री सरावगी कहलनि जे पीएम मोदी के नेतृत्व मे उड़ान योजना बिहारक छोट शहर सभ के भाग्य बदलि देलक अछि। दरभंगा सँ बेंगलुरू के लेल अकासा एयर के उड़ान सप्ताह मे सातो दिन उपलब्ध रहत।

————————————————————————

कृषि आ किसान कल्याण मंत्री शिवराज सिंह चौहान कहलनि जे बेमौसम बरसात आ ओलावृष्टि सँ पीड़ित किसान लोकनि के सभ संभव सहायता कयल जायत। ओ कहलनि अछि जे सरकार स्थिति पर नजरि बनौने अछि आ किसान लोकनि के भेल नोकसानक आकलन करबाक लेल संबंधित राज्य सभक कृषि मंत्री लोकनिक संग विस्तृत चर्चा कयल जायत। श्री चौहान कहलनि जे स्थिति के आकलन के बाद किसान लोकनि के नोकसानक मोआवजा देल जायत।

————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी पूर्व उप–प्रधानमंत्री बाबू जगजीवन रामक जयंती पर हुनका श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि अछि। सोशल मीडिया पोस्ट मे ओ कहलनि जे बाबू जगजीवन राम अपन जीवन समानता आ सामाजिक न्याय के लेल समर्पित कऽ देने छलाह। एम्हर, पटना मे आयोजित राजकीय समारोह मे राज्यपाल लेफ्टिनेंट जनरल सेवानिवृत सैयद अता हसनैन, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी तथा विजय कुमार सिन्हा बाबू जगजीवन राम के प्रतीमा पर श्रद्धासुमन अर्पित कयलनि। एहि अवसर पर राज्य सरकारक कतेको मंत्री आ गणमान्य लोकनि उपस्थित छलाह।

————————————————————————

विधानसभा मे नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव सोशल मीडिया पर एक पोस्ट के माध्यम सँ राज्यक एनडीए सरकार के हरेक मोर्चा पर विफल जनौलनि अछि। श्री यादव अपन पोस्ट मे सरकारक नीति आ कार्य प्रणाली पर प्रश्न उठौलनि अछि। ओ कहलनि जे पछिला एक्कैस वर्ष मे एनडीएक सरकारक कार्यकाल के दरमियान बिहार मे साक्षरता दर, प्रति व्यक्ति आमदनी आ किसान लोकनि आय जकां महत्त्वपूर्ण क्षेत्र सभ मे देश मे सभ सँ नीचा अछि। तेजस्वी यादवक बयान के कांग्रेस सेहो समर्थन कयलक अछि।

————————————————————————

केन्द्र सरकार देशभरि मे पेट्रोल, डीजल आ एलपीजी के उपलब्धता बनौने रखबाक लेल सभ प्रयास कऽ रहल अछि। सरकार नागरिक लोकनि सँ एलपीजी सिलेंडर बुक करेबाक लेल डिजिटल माध्यमक उपयोग करबाक तथा गैस वितरण के लऽग अनावश्यक जयबा सँ बचबाक लेल कहलक अछि। तेल आ प्राकृतिक गैस मंत्रालय जनौलक अछि जे पांच किलोग्रामवला छोट सिलेंडर लऽग पासक वितरक के लऽग उपलब्ध अछि आ एहि लेल कोनो वैध पहचान पत्र देखाकऽ कीनल जा सकैत अछि। एहि लेल कोनो आवासीय पता के आवश्यता नहि अछि।

———————————————————————

ईसाई धर्मावलंबी आइ ईस्टर के पावनि मना रहल छथि। एहि अवसर पर पटना स्थित पादरी के हवेली सहित प्रदेशक विभिन्न गिरजाघर मे विशेष प्रार्थना सभा आ धार्मिक आयोजन कयल जा रहल अछि।

———————————————————————

पश्चिम चंपारण जिला चनपटिया प्रखंड अंतर्गत खैरवा टोल मे काल्हि राति भीषण आगि लागि गेला सँ चालीस सँ बेसी कच्चा घर जरि कऽ छाऊर भऽ गेल। ओतहि एहि अगिलग्गी घटना मे कतेको मावेशी सेहो जिंदा जरि गेल। जाहि सँ ग्रामीण लोकनि के भारी नोकसान उठाबऽ पड़ल।

———————————————————————

बेगूसराय जिलाक मंसूरचक थाना क्षेत्रक दशरथपुर गाम मे पुलिस आ एसटीएफ के संयुक्त कार्रवाई मे दरभंगा जिलाक नगर थाना क्षेत्र मे आभूषण लूट कांड के छओ अपराधी के चोरी के आभूषण आ हथियारक संग गिरफ्तार कयल गेल अछि।

———————————————————————

समाप्त भेल